

# Pale. Jwe. Li!

**Chak jou, gen mwayen amizan ak fasil pou ede pitit ou a bati yon lanmou pou lekti pou lavi.**

## Pale

- Pale avèk pitit ou a nan lang ou pi alèz la. Sa ede pitit ou a prepare pou aprann alavni nan nenpòt lang.
- Monte istwa ansanm. Tann tou pa w pou imagine sa ka p vin apre! Sa ka ede pitit ou a sonje detay, devlope imajinasyon l ak pratike tande.
- Dekri son ou tande yo - tankou klaksòn machin, gwondman otobis ak chen k ap jape - pou ede pitit ou a aprann mo nouvo pou dekri mond lan.

**Eseye sa!** Tann tou pa w pou rakonte istwa sou fòm nyaj pou ede pitit ou a itilize imajinasyon l ak eksprime lide l ak mo. "Mwen panse nyaj sanble ak yon chat! Kisa w wè?"

## Jwe

- Chante chanson ak jwe jwèt ak mo ki rime. Sa ka ede pitit ou a tande ak sonje son ki konpoze mo, yon etap enpòtan nan lekti.
- Vizite lakou rekreyasyon an epi konte chak fwa balanswa a ale vini! Pitit ou a ka pratike konte ak itilize mo ki gen nonb.
- Ale nan pak la epi chèche objè ki enteresan. Konpare yo dapre gwo sè oswa koulè yo. Sa ede pitit ou a aprann kòman pou l pote atansyon sou detay ak aprann mo nouvo.

**Eseye sa!** Chante ansanm pandan lè pou nou benyen pou ede pitit ou a sonje mo nouvo yo ak fè pratik rim. Chante yon chanson ou konnen, oswa konpoze yon nouvo chanson, nan nenpòt lang.

## Li

- Li siy ki nan lari a, etikèt ak menm bwat sereyal! Sa montre pitit ou a lèt yo ak mo yo toupatou epi sa ede l prepare pou lekti ak pou lekòl.
- Ede pitit ou a chwazi liv li vle nan bibliyotèk bò lakay ou a. Sa ka ede l enterese nan liv ak kòmanse renmen li. Li fasil ak gratis pou fè yon kat bibliyotèk!
- Reli liv pitit ou a pi renmen yo nan nenpòt lang fanmi w pale. Reli liv ka kreye yon woutin epi sa ka ede pitit ou a renmen liv, mo ak istwa.

**Eseye sa!** Chèche mo ki kòmanse ak premye lèt ki nan non pitit ou a. Rekonèt lèt ak mo se yon etap enpòtan nan lekti.

# Pale. Jwe. Li!

## Gen anpil resous fanmi w ka itilize pou kòmanse prepare pou fè lekti!

**Itilize myON pou li liv gratis sou smart phone ou, tablet ou oswa sou konpité**

Bibliyotèk dijital myON lan gen plis pase 6000 liv tankou an panyòl, epi myOn News pibliye atik dapre laj ki apwopriye chak jou. Fanmi ki gen timoun tout laj gen aksè gratis jiska 30 septanm 2018.

[www.myon.com](http://www.myon.com) (Pou timoun depi yo fèk fèt jiska laj katran, username “nyca” epi password “myon”)

### Eseye konsèy amizan sa yo ki soti nan Children’s Museum of Manhattan

“Lè pou pale ansanm” ede w fè konvèsasyon chak jou avèk pitit ou a ki ka mennen nan lekti pita. Ti pale egal gwo aprantisaj!

[cmom.org/all-the-way-to-k-and-beyond-posters/](http://cmom.org/all-the-way-to-k-and-beyond-posters/)

### Ale nan bibliyotèk bò lakay ou a

Ou ka li avèk pitit ou, prete liv pou ale laky oswa patisipe nan moman istwa oswa nan lòt aktivite aprantisaj pou debitam. Genyen tou resous sou entènèt ou ka download nan bibliyotèk oswa laky ou.

#### In Manhattan, Bronx ak Staten Island

Chèche bibliyotèk ki pi pre lakay ou: [www.nypl.org/locations/map](http://www.nypl.org/locations/map) oswa rele nan (917) ASK-NYPL

Chèche resous pou lektè debitam: [www.nypl.org/education/parents/early-literacy](http://www.nypl.org/education/parents/early-literacy)

#### Nan Brooklyn

Chèche bibliyotèk ki pi pre lakay ou: [www.bklynlibrary.org/locations](http://www.bklynlibrary.org/locations) oswa telefone (718) 230-2100.

Chèche resous pou lektè debitam: [www.bklynlibrary.org/learn/kids](http://www.bklynlibrary.org/learn/kids)

#### Nan Queens

Chèche bibliyotèk ki pi pre lakay ou: [www.queenslibrary.org/ql\\_findabranch](http://www.queenslibrary.org/ql_findabranch) oswa rele (718) 990-0728

Chèche resous pou lektè debitam: [www.queenslibrary.org/kids/parents-teachers/early-childhood](http://www.queenslibrary.org/kids/parents-teachers/early-childhood)

### Download Vroom App la pou jwenn plis konsèy pou eseye nenpòt kote w ye

Itilize Vroom app gratis la avèk pitit ou a pou kreye moman pou devlope sèvo.

[app.vroom.org/](http://app.vroom.org/), oswa chèche sou smartphone ou nan app store

### Eseye li zouti lekti Rockets yo ki fasil pou itilize

Chèche konsèy sou lekti pou paran nan plizyè lang tankou pou paran timoun ki gen andikap.

[www.readingrockets.org/article/reading-tips-parents-multiple-languages](http://www.readingrockets.org/article/reading-tips-parents-multiple-languages)

[www.schools.nyc.gov/earlyliteracy](http://www.schools.nyc.gov/earlyliteracy)

Konsèy pou Pale. Jwe. Li! pou 3-K ak Pre-K adapte ak afilyasyon “All the Way to K” avèk Children’s Museum of Manhattan, Administration for Children’s Services ak Department of Education (DOE).